



Pou Piblikasyon Imedya: 17/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE WOUT OTOBIS GRATIS KI ENKLI NAN PWOGRAM PILÒT MTA

Pwogram pilòt la ajoute yon wout otobis gratis nan chak minisipalite; Wout yo gen ladan Bx18 A/B, B60, M116, Q4 LCL/LTD, ak S46/96

Wout ki chwazi yo sèvi 43,900 pasaje chak semèn

Bidjè ane fiskal 2024 la fè lòt investisman nan transpò, sa gen ladan ogmante sèvis nan metwo pandan mitan jounen an nan jou lasemèn, lannwit lasemèn ak nan wikenn yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te anonse MTA pral kòmanse pwogram pilòt otobis gratis sou senk wout, youn nan chak minisipalite, k ap sèvi kounye a ansanm 43,900 pasaje chak jou nan lasemèn nan fen mwa septanm ane sa a pou yon peryòd sis a 12 mwa. Yo te chwazi wout yo baze sou yon varyete faktè, tankou transpò pasaje, evazyon tarif, bon jan sèvis, ekite pou kominote ki gen revni ba ak defavorize nan nivo ekonomik, ak aksè nan travay ak aktivite komèsyal yo.

"MTA se fòs vital Vil New York, epi mwen fè de gwo pwogrè nou te fè pou retounen ak transpò pasaje yo nan nivo anvan pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou etabli wout pwogram pilòt otobis gratis sa yo, n ap agrandi aksè a transpò piblik atravè vil la epi n ap amelyore ekite nan transpò piblik pou pi byen sèvi tout Nouyòkè yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Nou te defann inovasyon ak panse kreyatif atravè rezo transpò a epi nou pa ka tann pou nou wè ki jan Nouyòkè yo pral reyaji a pwogram pilòt sa a. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a paske yo bay finansman ki fè li posib pou lanse eksperyans limite sa a."

Prezidan Transpò Piblik Vil New York la, Richard Davey, te deklare, "Ekip nou an te travay di pou asire senk wout yo te chwazi pou pwogram pilòt sa a pral benefisyè Nouyòkè ki konte sou otobis pou mennen yo kote yo bezwen ale. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi asire transpò piblik rete yon opsyon ki an sekirite ak abòdab pou plizyè milyon pasaje ki itilize li".

Sa rive plizyè semèn apre premye faz ogmantasyon nan sèvis wikenn [ki te anonse anvan](#) nan liy **G, J** ak **M**. Amelyorasyon sa yo te posib gras a yon kontribisyon 35 milyon dola nan bidjè ane fiskal 2024 Eta New York la pou ogmante sèvis nan metwo. Apwòch plizyè faz la pral ogmante sèvis atravè plizyè liy tren pandan mitan jounen nan lasemèn, lannwit lasemèn, ak wikenn yo, epi dezyèm faz la pral kòmanse mwa pwochen, kote yo pral ajoute plis sèvis mitan jounen ak wikenn. Anplis de sèvis ki ogmante, yo te mete an sèvis yon dezyèm tren R211 sou liy **A** mwa pase a.

Y ap make otobis ki sou wout yo ki enkli nan pwogram pilòt la byen klè "Tarif Gratis" avèk siyal destinasyon vèt ak nwa yo, siyal dijital abò otobis yo, etikèt andedan otobis la ak kouvèti sou bwat tarif la ak lektè OMNY yo. Pwogram pilòt la p ap enkli transfè gratis pou lòt liy otobis oswa metwo.

Wout otobis yo ki enkli nan pwogram pilòt sis a douz mwa a se:

Bx18 A/B: Opere toujou pandan lè lajounen ant Undercliff Avenue oswa Sedgwick Avenue ak Grand Concourse/E 170 Street, wout otobis Bx18 A/B vwayaje sou Macombs Road, Tremont Avenue, Undercliff Avenue/Sedgwick Avenue, 168 Street ak 170 Street. Li sèvi katye Morris Heights, Highbridge ak Mount Eden epi konekte ak tren **4, B, D** ak plizyè lòt wout otobis yo. Gwo anplwayè ak enstitisyon ki kouvri sou wout la gen ladan Bronx-Lebanon Hospital Center ak Bronx Community College.

B60: Wout otobis B60 la opere ant Williams Avenue/Flatlands Avenue nan Canarsie ak Williamsburg Bridge Plaza. Wout la opere sitou sou Rockaway Avenue ak Wilson Avenue epi li sèvi katye Canarsie, Brownsville, Ocean Hill, Bushwick ak Williamsburg. Li fè koneksyon ak tren **3, C, L, G, J, M, Z** ak plizyè lòt liy otobis. Gwo anplwayè ak enstitisyon ki kouvri sou wout la gen ladan Brookdale University Hospital & Medical Center, Wyckoff Heights Medical Center ak NYC Health + Hospitals/Woodhul.

M116: Wout otobis sa a fonksyone chak jou pandan lè lajounen ant W 106 Street/Broadway ak E 120 Street/Pleasant Avenue. Wout la opere sitou sou 116 Street, Manhattan Avenue ak W 106 Street epi li sèvi katye Harlem, East Harlem ak Morningside Heights. Wout la fè koneksyon ak tren **1, 2, 3, 6, B, C** ak plizyè wout otobis yo. Gwo anplwayè ak enstitisyon ki kouvri sou wout la gen ladan St. Luke's Roosevelt Hospital Center, Columbia University ak East River Plaza Mall.

Q4 LCL/LTD: Wout otobis Q4 LCL/LTD a opere ant estasyon tren Jamaica Ctr-Parsons/Archer **E, J, Z** ak Linden Boulevard/235 Street. Gen kèk otobis ki fonksyone kòm yon Arè Limite pandan lè chaje yo nan maten ak apre midi nan jou lasemèn yo. Wout la opere prensipalman sou Linden Boulevard, Merrick Boulevard ak Archer Avenue epi li sèvi katye Jamaica Center, South Jamaica, St. Albans ak Cambria Heights. Li fè koneksyon ak tren **E, J, Z**, estasyon St. Albans Long Island Rail Road ak plizyè wout otobis. Gwo anplwayè ak enstitisyon ki kouvri sou wout la gen ladan Jamaica Center, York College ak St. Albans VA Hospital.

S46/96: Ap opere ant South Avenue, West Shore Plaza Shopping Center ak St. George Ferry Terminal, wout lokal S46 la ap fonksyone tout tan epi wout S96 Limited opere nan jou lasemèn sèlman nan peryòd pik, direksyon pik la. Wout la fonksyone sitou sou Castleton Avenue, Victory Boulevard, Walker Street/Brabant Street ak South Avenue. Li sèvi katye St. George, Tompkinsville, West New Brighton, Port Richmond, Elm Park, Arlington, Bloomfield ak Chelsea epi li fè koneksyon ak **SIR** ak Staten Island Ferry. Gwo anplwayè ak enstitisyon ki kouvri sou wout la gen ladan NY Empire Outlets, Richmond University Medical Center, West Shore Plaza ak Forest Promenade Shopping Plaza.

Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "MTA se yon pati santral nan lavi chak jou Nouyòkè yo, epi mwen fyè dèske nan bidjè ane sa a nou te garanti pwogram pilòt otobis gratis la pou kontinye rann transpò pi aksesib. Pwogram pilòt sa a vini nan yon moman enpòtan pou ede adrese aksesibilite epi asire n ap bay Nouyòkè yo yon fason fyab pou yo ale nan travay, randevou doktè, lekòl, ak fè komisyon chak jou ak fyabilite".

Chèf Adjwen Sena Eta, Michael Gianaris, te deklare, "Wout otobis gratis yo se egzakteman kalite inovasyon nou bezwen pou revolisyone apwòch nou nan transpò piblik epi fè plis moun tounen nan sistèm nan. Nou te retire MTA nan chemen rapid nan direksyon kalamite fiskal epi n ap founi yon pi bon sistèm pou pasaje yo. Mwen apresye patenarya Manm Asanble Mamdani, Gouvènè Hochul, dirijan MTA, ak anpil defansè ki te defann chanjman enpòtan ak nesèsè sa yo".

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Lè nou investi nan aksè fizik ak finansye Nouyòkè yo, finalman n ap investi nan mendèv nou ak pi gwo ekonomi nou an. Nou te wè lòt vil atravè peyi a deplwaye pwogram tarif gratis ki sanble, sèlman pou nou wè yon ogmantasyon nan kantite pasaje yo atravè plizyè wout. Nou espere ke pwogram sa a pral fè menm bagay la isit la nan New York, epi nou ka rekonstwi ak ranfòse itilizasyon transpò piblik nan yon mond apre pandemi".

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "MTA kontinye fè investisman enpòtan pou amelyore aksè nan transpò piblik. Bay vwayaj gratis sou liy otobis B60 la ki kòmanse nan sezon otòn lan pral yon avantaj pou kominote a, epi plizyè milye vwayajè pral itilize sèvis la chak jou. Rann opsyon transpò yo aksesib ak abòdab se yon etap nan bon direksyon an".

Senatè Eta a, Luis Sepúlveda te deklare, "Investisman nan wout otobis gratis sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou yon sistèm transpò piblik ki pi ekitab ak aksesib. Anons Gouvènè Hochul la demontre yon angajman pou adrese bezwen divès kominote yo, pou asire tout moun gen aksè a transpò ki fyab ak bon mache. Nan priyorize faktè tankou transpò pasaje, ekite, ak aksè nan travay, pwogram pilòt sa a prepare etap pou yon avni ki pi enklizif, kote baryè transpò yo detwi, epi opòtinite pou kwasans ekonomik ak mobilite yo elaji pou tout moun".

Senatè Eta a, Cordell Cleare, te deklare, "Twò souvan lè nou panse sou vyabilite ak aksesibilite kominote nou yo, nou kite transpò deyò nan konvèsasyon an. An reyalite, lè transpò a abòdab ak aksesib, katye nou yo ranfòse paske ale lekòl, travay, ak randevou medikal, nesèsè pou kalite lavi tout moun. Chwazi wout sou 116th Street la se yon bon chwa ki montre Eta nou an ap idantifye zòn kote aksè nan sèvis debaz yo vin pi difisil. Pifò nan rezidan yo nan distri mwen an ak nan tout vil la, konte sou transpò piblik. Pandan ke gen plis bagay ki pou fèt, sa a se yon etap ki byenvini nan bon direksyon an".

Senatè Eta Robert Jackson te deklare, "Nan pouswit transpò ekitab, MTA a antre nan yon vwayaj transfòmatè, kote l anbrase pwogrè ak konpasyon. Mwen bat bravo pou Gouvènè a epi felisite MTA paske li rapidman egzekite pwogram pilòt otobis gratis la ki te etabli an patenarya ak lejislati New York la. Inisyativ sa a pral soufle nouvo lavi nan sistèm transpò nou an, k ap sèvi kòm kanal enpòtan ki konekte ak enpilsyon Nouyòkè klas travayè yo chak jou. Li pral asire ke transpò piblik rete yon opsyon ki an sekirite ak abòdab pou elektè mwen yo pandan l ap bay sèvis amelyore ak aksè pi fasil nan kominote nou an. Enpak pozitif ak dirab pwogram sa a pral pwolonje pi lwen pase distri mwen an, pou benefisye tout vil nou an".

Senatè Eta Jessica Scarcella-Spanton te deklare, "Pwogram pilòt sa a se yon etap enpòtan nan direksyon pou yon sistèm transpò ki pi ekitab isit la nan Vil New York. Menm jan ak sistèm Staten Island Ferry a, wout otobis gratis sa a pral ede kenbe vwayaj yo nan bon pri pou rezidan yo. Kit w ap vwayaje nan transbòdè a oswa w ap eseye soti nan Tompkinsville pou ale nan West Brighton, wout patikilye sa a pral ede anpil moun Staten Island yo ekonomize lajan, pandan l ap mennen yo nan destinasyon yo an sekirite".

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Pwogram pilòt sa a pral ede plizyè milye Nouyòkè ki konte sou otobis pou ale travay, lekòl, pou ale nan randevou medikal ak plis ankò. Se te yon priyorite pou anpil nan kòlèg majorite mwen nan Asanble, epi nou espere wè ki jan sa ap afekte kominote nou yo. Nou gen youn nan sistèm transpò ki pi fonksyone nan peyi a, epi n ap kontinye travay pou jwenn fason pou asire MTA ka pi byen sèvi fanmi ki depann de li chak jou".

Manm Asanble a Kenneth Zebrowski te deklare, "Wout otobis gratis sa yo fè pati efò nou pou inovè nan sistèm transpò piblik nou an. Se te bèl bagay pou m travay ak Gouvènè Hochul, Janno Lieber, Prezidan Asanble Heastie ak plizyè manm asanble kle ane sa a pou ogmante sèvis, fyabilite ak aksesibilite".

Manm asanble Zohran K. Mamdani te deklare, "Otobis gratis yo pral pote soulajman ekonomik pou Nouyòkè klas travayè yo nan yon moman kote yo plis bezwen li. Epi se Nouyòkè sa yo ki te dirije batay pou premye pwogram pilòt sa a - avèk plis pase 4,000 ladan yo ki t ap chèche arè metwo lokal yo ak otobis yo, ki te kontakte reprezantan yo eli yo, epi ki te rasanble pou fè transpò piblik atravè tout vil nou an vin ekselan, san danje epi aksesib pou tout moun. Nan Vil Boston ak Kansas, kote tarif gratis otobis yo te aplike, yo te akselere tan vwayaj yo, yo te rann otobis yo pi sekirite, epi yo te

ogmante aksè a sèvis esansyèl yo. Mwen pa ka tann pou m wè menm rezilta sa yo pou vwazen nou yo sou wout yo nan chak nan senk minisipalite yo epi mwen rekonesan pou travay tout kòlèg mwen yo, Prezidan Heastie, ak Gouvènè a nan transfòme rev sa a pou vin yon reyalite".

Manm Asanble Erik Dilan te deklare, "Mwen kontan ke Gouvènè Hochul te chwazi liy otobis B60 la pou sèvis gratis. Se yon gwo viktwa pou rezidan North Brooklyn yo, espesyalman pou Bushwick kote B60 la pase atravè Wilson Ave. Nou pa ka remèsye Gouvènè Hochul ase, sèvis gratis sa a pral ede anpil moun nan zòn North Brooklyn!"

Manm Asanble Clyde Vanel te deklare, "Nou kontan dèske vwayajè yo nan distri nou an pral pwofite pwogram otobis gratis la. N ap kontinye travay pou nou amelyore sistèm transpò nou an".

Manm Asanble Maritza Davila te deklare, "Vil New York ap grandi pwogresivman epi sistèm transpò entèminisipal nou an se poto mitan kominote nou an, pou ede pasaje yo rive nan destinasyon yo. Pwogram sèvis otobis gratis la p ap bay plis aksè, men li ka ankouraje plis vwayajè epi li kapab redwi anbouteyaj sikilasyon an. Genyen yon pakèt lòt benefis nan pwogram sa a jan li gen rapò ak ekite sosyal, anviwònman, sante ak kalite lavi nou an jeneral. Mwen kontan pou m wè pwogram nan reyalize epi mwen espere ke moun New York yo vrèman benefisye de li, paske nou konnen sistèm transpozisyon piblik nou an se yon nesosite ki enpòtan anpil pou nou viv".

Manm Asanble Inez Dickens te deklare, "Pandan anpil nan rezidan nou yo kontinye ap soufri akòz difikilte pou yo bay dola yo pou yo ka siviv, mwen akeyi pwopozisyon Gouvènè Kathy Hochul ak Otorite Transpò Metwopoliten an pou pèmèt pasaje yo monte, gratis, plizyè liy otobis atravè vil nou an, enkli M116 ki pase nan distri mwen an. Sa a se yon soulajman ki byenvini pou moun ki sèvi ak li pou travèse vil la pou jwenn aksè nan anpil liy tren oswa pou ale nan sèten destinasyon nan distri a. Sa a pral konsidere kòm yon soulajman ki nesese anpil pou moun ki itilize liy sa yo chak jou".

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Nou pa ka egzajere bezwen pou gen transpò piblik aksesib nan Vil New York. Se yon eleman esansyèl nan avansman ekonomik Vil New York, epi mwen bat bravo pou efò inebranlab Manm Asanble Mamdani nan defann ke chak Nouyòkè ta dwe gen aksè a transpò fyab ak aksesib. Inisyativ MTA pou tarif gratis nan otobis M116 la se yon temwayaj angajman nou pou kreye chwa transpò piblik ki pi ekitab - yon mouvman ki mennen nou yon pa pi pre pou amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo".

Manm Asanble Nikki Lucas te deklare, "Pwogram pilòt sa a pou transpò pasaje gratis sou B60 la pral bay rezidan lokal nou yo kèk soulajman finansye pandan depans yo kontinye monte soti nan makèt rive nan sèvis yo. Mwen gen espwa ke pwogram pilòt sa a ka vin pèmanan pou granmoun aje yo ak manm ki gen revni ba nan distri mwen an, ki ta ka bezwen itilize B60 pou vwayaj kout nan distri a ak nan anviwon yo".

Manm Asanble Amanda Septimo, te deklare, "Pran mezi nan direksyon pou gen yon sistèm otobis gratis nan Vil New York mete nou vin pi pre jistis nan transpò piblik, epi pi enpòtan toujou, jistis ekonomik. Pwogram pilòt otobis gratis sa a pral fè anpil pou avanse lide ke tout Nouyòkè merite aksè a transpò piblik rapid, fyab, san danje lè nou retire baryè tarif la. Mwen gen konfyans ke pwogram pilòt sa a pral mennen nan kondisyon travay ki pi an sekirite pou travayè transpò piblik nou yo, ki p ap bezwen fè respekte règ sou tarif yo ankò, epi kreye yon eksperyans ki pi pozitif an jeneral pou pasaje yo. Okenn nan sa pa t ap posib san lidèchip solid Prezidan Asanble Carl Heastie, ki te demontre angajman Asanble a pou konstwi yon sistèm transpò piblik ki pa kite pèsonn dèyè".

Manm Asanble Latrice Walker te deklare, "Mwen te imedyatman dakò ak pwogram pilòt la, le pli vit ke mwen te aprann de li. Mwen te pi kontan toujou pou m aprann ke soulajman nan wout pou moun ki depann de otobis B60 la, ki pase nan distri mwen an. Sistèm transpò piblik la fèt inikman pou l konekte plizyè milyon Nouyòkè atravè senk minisipalite yo ak travay yo, lekòl yo, legliz yo, randevou medikal yo ak fanmi yo. Moun yo nan distri mwen an bezwen poz sa a. Sistèm transpò piblik la travay pi byen lè nou tout gen aksè. Ann avanse".

Manm Asanble Alicia L. Hyndman te deklare, "Avèk bidjè 2023 a ki te adopte nan kòmansman mwa me, Pwogram Pilòt Tarif Gratis avèk MTA te adopte tou. Pwogram sa a pral pèmèt yon liy otobis gratis sikile nan chak minisipalite, epi nan Queens, liy sa a se pral Q4. Pwogram nan pral dire sis a douz mwa, kote yo prevwa l ap kòmanse nan otòn 2023. Aplikasyon pwogram sa a pral yon soulajman pou elektè yo nan chak minisipalite".

Manm Asanble Eddie Gibbs te deklare, "Aksè nan transpò piblik se yon lyen lavi pou plizyè milye rezidan nan distri mwen an. Lè nou genyen wout otobis M116 la "gratis" kounye a, sa pral diminye fado finansye ke anpil nan vwazen nou yo pral pwofite pou yo ale kote yo bezwen yo - kit se travay, lekòl, vizite zanmi ak fanmi, oswa menm jwenn aksè nan manje ak swen sante nesesè. Lè nou pale sou zafè inifòmize règ jwèt la pou tout moun, nou dwe sonje pale sou transpò. Mwen rekonesan anvè Gouvènè a dèske l ankouraje pwogram enpòtan sa a epi mwen kontan dèske MTA te reyalize li".

Reprezantan Hakeem Jeffries te deklare, "Otobis B60 la se yon liy vital pou anpil nan kominote mwen gen privilèj pou m reprezante nan Canarsie, Brownsville ak Ocean Hill. Kreye aksè bon mache nan transpò se yon gwo etap nan volonte pou diminye depans yo, bay djòb ki byen peye ak elaji opòtinite ekonomik atravè vil nou an ak eta nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak MTA paske yo te reyalize pwogram pilòt sa a".

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Mwen te mande transpò gratis pou Nouyòkè yo epi mwen te ko-sipòte lejislasyon ki vize elimine tarif yo nan transpò piblik. Mwen kontan anpil pou mwen wè pwogram pilòt pou otobis gratis yo ap vanse, epi mwen espere li elaji atravè vil nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li sipòte inisyativ enpòtan sa a".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Transpò piblik Vil New York se youn nan pi gwo nan mond lan epi n ap fè gwo pwogrè pou asire ke li kontinye pi aksesib ak abòdab pou tout moun. Nouvo bidjè Eta New York 2024 la bay plis investisman nan transpò piblik pou asire otobis 'Gratis' disponib nan chak minisipalite. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou inisyativ otobis 'Gratis' jodi a ki pral sèvi plizyè dizèn milye Nouyòkè chak semèn. Sa a se yon etap enpòtan pou elaji efò nou yo pou ogmante ekite pou tout Nouyòkè yo, epi garanti tout moun gen mwayen pou ale lekòl, nan randevou medikal, travay, ak anpil lòt bagay ankò".

Reprezantan Dan Goldman, te deklare, "Mwen santi m ankouraje pou m wè lansman wout otobis gratis nan vil nou an pou kenbe Nouyòkè yo konekte. Sistèm transpò piblik klas mondyal nou an se eleman vital New York nou an, epi sa a se yon premye agrandisman nan aksesibilite sèvis ki enteresan ak nesèsè anpil pou kominote defavorize k ap pi plis benefisye l. Mwen espere wè pwogram pilòt sa a reyisi ak grandi pou sèvi lòt kominote atravè 10yèm distri Kongrè New York la ak rès vil la ki t ap benefisye l menm jan".

Prezidan Adjwen Konsèy Vil New York la, Diana Ayala, te deklare, "Pou kominote ki gen revni ba ak ekonomikman defavorize yo, frè transpò yo se yon depans adisyonèl ki detounen kapasite yo pou pran swen tèt yo ak fanmi yo avèk lòt nesèsite. Pwogram pilòt tarif gratis pou liy otobis M116 la se yon bèl opòtinite pou retire baryè pri ki asosye ak transpò a epi montre enpak pozitif yon pwogram tankou sa a ka genyen sou fanmi yo".

Manm Konsèy Nantasha Williams te deklare, "Mwen kontan yo chwazi kominote sa a pou pwogram pilòt tarif gratis la epi mwen espere ke l ap gen yon enpak pozitif sou elektè mwen yo. Transpò nan otobis se eleman vital anpil moun nan kominote sa a. Lè nou bay tarif gratis nou pral amelyore lavi pasaje yo".

Manm Konsèy Lincoln Restler te deklare, "Otobis gratis yo se otobis ki pi rapid epi mwen kontan dèske B60 la pral mennen pasaje yo antre ak soti nan Williamsburg chak jou gratis! Transpò piblik abòdab ak fyab pote bon rezilta nan kreye opòtinite ekonomik ak amelyore kalite lavi".

Manm Konsèy Shaun Abreu te deklare, "Liy otobis M116 la se youn nan metòd ki pi rapid ak sèl metòd pou ale ak soti nan yon bout Harlem pou ale nan lòt la. Li kouri nan venn katye nou yo. Sepandan, yon kriz pri abòdab menase aksè sa a, li mete transpò piblik deyò pòte anpil Nouyòkè. Vil nou an bezwen mobilize. Mwen bat bravo pou MTA a paske li elaji pwogram Tarif Jis yo pou soulaje fado ki sou kominote nou an epi asire ke M116 la disponib pou moun ki plis bezwen li".

Manm Konsèy Kamillah Hanks te deklare, "Mwen bat bravo pou anons Gouvènè Hochul sou pwogram pilòt otobis gratis sou wout S46/96 la. Inisyativ sa a pral founi benefis enpòtan pou divès kominote li sèvi yo, priyore ekite, aksè, ak pri abòdab, epi li pral amelyore opsyon transpò piblik pou plizyè milye pasaje ki konte sou otobis chak jou".

Manm Konsèy Mercedes Narcisse te deklare, "Mwen sipòte konplètman pwogram pilòt otobis gratis la epi mwen kontan ke B60, ki sèvi kèk pati nan Distri 46, te chwazi kòm wout gratis nan Brooklyn. Mwen gen konfyans ke pwogram sa a pral ede revitalize wout otobis lokal nou yo, ogmante transpò pasaje yo, epi sa ki pi enpòtan an ogmante aksè a sistèm transpò piblik nou an pou Nouyòkè ki gen revni ba yo".

Manm Konsèy Pierina Sanchez te deklare, "Wout otobis gratis BX18 la se yon etap enpòtan pou abitan Bronx, k ap benefisye rezidan kritik nan zafè transpò piblik yo, plis pase 70% ladan yo ap viv nan Distri Konsèy 14 la, epi asire ekite pasaje yo. Pwogram pilòt sa a pral sipòte rezidan ki defavorize ekonomikman, atire nouvo pasaje, epi amelyore eksperyans jeneral pasaje yo. Anplis de sa, lè nou konsidere enpak li sou anviwònman an, tankou diminye emisyon gaz a efè sè ak amelyore kalite lè a, etap enpòtan sa a montre angajman Gouvènè a pou yon sistèm transpò ki pi ekolojik, ki pi ekitab ak efikas, k ap pote chanjman pozitif nan Distri sa a".

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson, te deklare, "Prijorize aksesibilite ak pri abòdab pou pasaje transpò piblik yo enpòtan paske anpil nan rezidan nou yo ak fanmi yo kontinye ap fè fas ak difikilte finansye. Lè nou aplike pwogram pilòt Otobis Gratis MTA pou wout yo, MTA ap demontre angajman li pou ekite nan transpò piblik. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak MTA pou inisyativ sa a epi paske yo bay moun ki pi bezwen yo priyorite".

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418